

Pran Piki Ranfòsman Kont COVID-19 Ou a



Kisa ki yon Piki Ranfòsman Kont COVID-19?

Yon piki ranfòsman kont COVID-19 se yon dòz vaksen anplis ki ranfòse sistèm iminitè w epi ba ou plis pwoteksyon kont COVID-19.

Ki kote mwen ka pran Piki Ranfòsman an?

Liy Telefonik Vaksinasyon Kominotè a ede abitan Maine yo jwenn yon vaksen COVID-19 ki touprè w rapid.

Rele: 1-888-445-4111

Lendi-Vandredi, soti 9 a.m. rive 5:30 p.m.

Pou sèvis tradiksyon, rele nimewo a epi di ki lang ou prefere.

Èske gen transpò ki disponib?

WI, Si w bezwen transpò rele, tèks, oswa imèl
MANA:

207-387-0749 | car@mana-maine.org

OSWA rele 1-855-608-5172 (ModivCare)

Èske mwen ka pran Piki Ranfòsman kont COVID-19 la ak Piki Kont Grip la an menm tan?

WI, ou ka pran vaksen grip la ak Vaksen COVID-19 la an menm tan.

Kilè mwen ka pran Piki Ranfòsman mwen an?

Pou moun ki te resevwa yon vaksen COVID-19 Pfizer-BioNtech oswa Moderna, gwoup moun sa yo kalifye pou yon piki ranfòsman nan 6 mwa oswa plis aprè premye seri yo a:

- Moun 65 an ak plis
- Moun 18 an oswa plis k ap viv nan yon etablisman swen alontèm
- Moun 18 an oswa plis ki gen pwoblèm medikal
- Moun 18 an oswa plis k ap travay oswa ki rete nan etablisman a gran risk

Li rekòmande pou tout moun ki gen 18 an oswa plis pran piki ranfòsman omwen 2 mwa aprè yo fin resevwa vaksen COVID-19 J&J a oswa Vaksen Janssen lan.

Èske mwen ka melanje oswa lye vaksen yo?

WI. Gen kèk moun ki gendwa gen yon preferans nan tip vaksen yo te pran avan epi gen kèk lòt, ki gendwa prefere pran yon ranfòsman diferan. Kounye a rekòmandasyon CDC yo bay otorizasyon pou tip de melanj ak lyezòn dòz pikiranfòsman sa a.

Èske Piki Ranfòsman an gratis? Èske mwen bezwen asirans sante?

WI, Piki Ranfòsman Kont COVID-19 la gratis.

NON, ou pa bezwen asirans sante.

Yo P AP mande w pou stati imigrasyon w.